



Pou Piblikasyon Imedya: 22/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PAK EWOLYEN ROARING BROOK 79.7 MEGAWAT LA OPERASYONÈL KOUNYE A NAN NORTH COUNTRY

Pi resan pwojè ewolyen sou gwo anplè ki operasyonèl la pote enèji ewolyèn terès ki enstale nan New York nan prèske 2,200 megawat, ki se ase enèji pwòp pou desèvi plis pase demi milyon kay

Ankouraje 167 milyon dola nan investisman prive ak kreye plis pase 200 travay nan konstriksyon pou ede devlope ekonomi vèt Eta a

Akselere pwogrè vè objektif New York la pou jwenn 70 pousan nan elektrisite eta a apati sous renouvlab yo dis 2030 ki sou wout pou yon rezo zewo emisyon

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke pak ewolyen Roaring Brook 79.7 megawat la operasyonèl kounye a nan North Country, ki reprezante enstalasyon ewolyèn sou gwo anplè ki pi resan ki antre nan operasyon komèsyal nan New York epi ki pote pisans ewolyèn terès enstale a nan prèske 2,200 megawat - ase pou sèvi plis pase demi milyon kay. Pak ewolyen Roaring Brook la kontribiye nan ankouraje anviwon 167 milyon dola nan investisman prive ak kreye plis pase 200 travay nan konstriksyon pou ede devlope ekonomi vèt New York la. Lè li konbine avèk plizyè douzèn pwojè enèji renouvlab sou gwo anplè ki ankou ak devlopman solid pwojè solè yo ki distribye nan Eta a, pwojè sa a akselere pwogrè vè objektif New York la pou jenere 70 pousan nan elektrisite eta a apati sous renouvlab yo dis 2030 ki sou wout li pou yon rezo zewo emisyon

"Enèji renouvlab gen yon wòl esansyèl pou li jwe alafwa nan rekonstwi ekonomi New York la ak nan konbat vrè menas chanjman klimatik la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè enèji sou gwo anplè tankou Roaring Brook Wind lan non sèlman fè nou avanse yon pa pi pre yon lavni zewo emisyon, men tou pote investisman vital, travay ki byen peye ak avantaj kominotè nan eta a nan yon moman kote Nouyòkè yo toujou ap rekipere anba difikilte finansye ke pandemi an te lakòz".

Sitiye nan vil Martinsburg, Roaring Brook Wind te devlope pa Avangrid Renewables epi gen ladan 20 tibin ewolyèn ki repati sou anviwon 1902 ekta. Apre nou te demare operasyon yo nan oktòb 2021, pwojè a pral jenere plis pas 229,000 megawat-lè enèji renouvlab chak ane, ase pou alimante plis pase 31,000 kay, diminye emisyon yo nan

114.000 tòn metrik chak ane - ki egal ak si yo te retire apeprè 25,000 machin sou wout yo.

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Roaring Brook Wind se yon lòt egzanp angajman New York pou devlope ekonomi enèji pwòp nou an ak mete aksan sou pwojè ewolyen North Country ki alimante plizyè milye rezidan ak biznis nan rejyon nò eta a avèk enèji pwòp, renouvlab. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta a rete inebranlab nan angajman li pou travay avèk gouvènman lokal yo ak pati konsène yo nan kominote a pandan devlopman tout pwojè enèji renouvlab sou gwo anplè nou yo pou asire yo fèt nan yon fason ki sipòte objektif kominotè yo, pote avantaj ekonomik ak evite gwo enpak sou bèt sovaj ak anviwònman an".

Jose Antonio Miranda, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Terès, Avangrid Renewables, te deklare, "AVANGRID ak Avangrid Renewables fyè pou yo fè patenarya avèk Eta New York nan efò li pou founi 70 pousan nan kouran li apati resous enèji renouvlab disi 2030. Chak tibin ewolyèn ak pano solè nou mete anliy pou eksplwate pisans resous natirèl nou yo mete Eta a ak peyi nou an pi pre yon avni enèjetik pwòp, dirab".

Pwogrè enèji renouvlab yo nan New York te mennen nan gwo investisman prive ak nouvo travay ak devlopman ekonomik pou kominote lokal yo nan plis pase 30 konte nan eta a. Atravè yon akò peman nan plas taks yo (PILOT) avèk Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Lewis pou pwojè sa a, Avangrid Renewables pral fè peman anyèl plis pase 600,000 dola, k ap ogmante sou 30 ane pou plis pase 1 milyon dola, pou pataje ant Vil Martinsburg (30 pousan), Lowville Academy and Central School District (37 pousan) ak Konte Lewis (33 pousan). Pwojè a pral bay tou apeprè 22 milyon dola nan peman total pwopriyetè pou 35 pwopriyetè pandan pwochen 30 ane yo. Roaring Brook Wind konplete efò Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North Country an pou ankouraje ak sipòte kwasans ekonomik nan ti vil ak kominote riral rejyon an.

NYSERDA ankouraje ak sipòte anpil aplikasyon responsab pwojè enèji renouvlab yo pou evite, minimize ak redui enpak sou bèt sovaj ak abita yo. Pandan ete 2020 an, an konsiltasyon avèk Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la, Avangrid te enstale yon pòtay gwòt an metal espesyalize atravè yon gwo antre nan Barton Hill nan Konte Essex pou redui enpak potansyèl pwojè ewolyen an sou abita chovsouri. Pòtay gwòt sa a, ki anpeche entèferans moun ak bay espas adekwa pou aksè ak chovsouri nan pwi min anbandone a, pral pwoteje plizyè espas chovsouri ki gen ladan Chovsouri Indiana ki andanje akòz federal la, gouvènman federal la ak Eta New York te menase chovsouri nòdik yo, ansanm ak chovsouri Ti Bren, Gwo Bren ak Trikolorye (Eastern Pipistrelle) pou sipòte misyon DEC pou pwoteje espès chovsouri ki menase ak andanje nan New York.

An jiyè 2019, Avangrid Renewables, Depatman Defans Etazini an ak Fort Drum te etabli yon akò ki pral limite nenpòt enpak negatif pwojè a sou sistèm rada meteyowolojik yo pandan gwo move tan, k ap sipòte misyon sekirite nasyonal Fort Drum.

Roraring Brook Wind se youn nan 19 pwojè [rekonpanse](#) nan kad apèl dòf sou enèji renouvlab 2018 NYSEERDA a epi ajoute nan pwojè solid enèji renouvlab sou gwo anplè New York la ki ap eksplwate, ki gen ladan plis pase 100 pwojè solè, pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot ak pwojè ewolyèn terès nan kad devlopman ki pral founi plis pase 12,000 megawat enèji pwòp nan rezo a lè yo fini - sa ki ase pou alimante apeprè senk milyon kay nan New York. Angajman Eta a pou konstwi nouvo transmisyon enèji vèt, ki te dirije pa 402 km nouvo amelyorasyon majè ki deja sou pye nan tout eta a, ak pwojè enfrastrikti enèji vèt Clean Path New York ak Champlain Hudson Power Express ki te [anonse](#), pral pèmèt devlopman aktyèl enèji renouvlab yo alimante plis pase 60 pousan elekrisite New York ki soti nan sous renouvlab yo yon fwa ke yo operasyonèl.

Prezidan Enèji Asanble a, Michael Cusick, te deklare, "Pak Ewolyen Roaring Brook la, ki operasyonèl kounye a, mete nou yon pa pi pre reyalyasyon objektif enèji renouvlab eta nou an. Pwojè sa se yon egzanp pafè avantaj pou devlope enfrastrikti enèji ewolyèn nou an. Pwojè sa a te kreye plizyè santèn travay, ede nan rekipasyon ekonomik eta nou an epi pral founi enèji pwòp bay plis pase demi milyon kay. Pak Ewolyen Roaring Brook la byen demontre pwogrès n ap fè nan travay nou pou konstwi rezo enèji avni an".

Senatè Joseph Griffo te deklare, "Mwen kwè ak kontinye kwè nan yon pòtfèy enèji divèsifye ki gen ladan sous enèji renouvlab tankou enstalasyon idwoelektrik, ewolyèn, solè ak emisyon zewo tankou nikleyè. Pwojè sa a pral pwodui enèji pwòp ki pral alimante plizyè milye kay, redui plis emisyon yo ak sipòte kwasans ekonomik nan rejyon an".

Prezidan Konte Lewis, Larry Dolhof, te deklare, "Konte Lewis te konprann depi lontan ke pwojè enèji pwòp kapab mityèlman benefik pou kominote nou an ak devlopè a. Nou felisite Avangrid pou achèyman yon lòt pwojè nan Konte Lewis. Nou kontinye pran devan nan pwodiksyon enèji ewolyèn".

Anne Reynolds, Direktris Egzekitif Alyans pou Enèji Pwòp New York la (Alliance for Clean Energy New York), te deklare, "Mwen apresye tout plizyè milye èdtan travay sa te pran ekip konstriksyon an pou fè pwojè sa vin reyalyite. Nouvo pwojè pak ewolyen Roaring Brook la se bòn nouvèl pou New York, jan pwodiksyon enèji ewolyèn rekò semèn pase a montre sa. Nou nan yon pa pi pre rezo enèji pwòp ak modèn New York bezwen an".

Katie Malinowski, Direktris Egzekitif Komisyon Tug Hill la, te deklare, "Avèk pwojè Roaring Brook ki ajoute a, pak ewolyen Tug Hill la pral deziyen kounye a oswa byento pou apeprè 600 MW elekrisite pwòp ewolyèn. Komisyon Tug Hill la sipòte vil ak vilaj rejyon an ak kapasite yo pou gide devlopman enèji renouvlab avèk anplasman

apwopriye ak respè egzijans repatisyon teritwa ak lwa lokal yo nan yon fason ki aliyen avèk objektif enèji pwòp anbisye New York la".

Julie Tighe, Prezidan Lig Konsèvasyon Votè New York la, te deklare, "New York bezwen pran mezi odasye pou redui emisyon yo epi nouvo enstalasyon sa a pral sèvi plis pase 500,000 kay avèk enèji pwòp epi kreye travay vèt ki byen peye. New York pa sèlman kontante l ap pale, men tou l ap mache nan direksyon pou redui depandans nou sou konbistib fosil yo. NYLCV eksite pou li wè enèji pwòp tankou pak ewolyen apeprè 80 megawat Avangrid la nan North Country ki antre anliy pou ede nou atenn 70% enèji renouvlab dis 2030 ak yon rezo emisyon zewo dis 2040".

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 33 milya dola nan 102 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a dis 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418